# «АЙДОС БИЙ» ДӘСТАНЛАРЫНДА ТАРИЙХЫЙ ЎАҚЫЯЛАРДЫҢ ҲӘМ ТАРИЙХЫЙ ТУЛҒАЛАРДЫҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

**Г.А.Тоқымбетова -** *үлкен илимий хызметкер –излениўши*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** тарихий ҳақиқат, тарихий шахс, ривоят, ҳикоя, бадиий образ, қаҳрамон, поэма.
**Ключевые слова:** историческая правда, историческая личность, легенда, рассказ, художественный образ, персонаж, поэма.
**Key words:** historical truth, historical figure, legend, story, word picture, character, poem.

Бердақ қарақалпақ халқының өткендеги қаҳарман батырларының ерлигин, мәртлигин жырлаған, олардың көркем образын дөреткен шайыр. Оның тарийхый шығармаларында халық арасында аты аңызға айланған Амангелди, Айдос бий, Ерназар алакөздиң ерликлери мақтаныш пенен тәрийипленеди.

Бердақтың «Айдос бий» шығармасы тарийх ушын әҳмийетли дерек болып есапланады. Шығармада Айдос бийдиң ҳәрекетлерине шайырдың көзқарасы анық көринеди. Халық арасында таралған аңыз-әңгимлердеги сыяқлы шайыр өз шығармаларында Айдосқа унамсыз көзқараста болады. Бул әсиресе, шайырдың «Шежире» шығармасында анық сезиледи. Онда шайыр Айдостың бабаларының шежиресин ҳәм оның алып барған сиясаты, бийлиги туўралы көп мағлыўмат береди:

Хожакелди, ҳажыкелди,
Улы Хангелди, Жангелди,
Оннан туўды Есенгелди,
Җәне бири Султан екен.
Хангелди улы Қарабас,
Җәне бири Айтжан Нияз,
Нияздың улыдур Ораз
Ол аталық болған екен.
Хажыкелди уғлы Султан,
Оннан Айдос, Майбас болған,
Айдос журт аға болған,
Киси асып дар қурған екен [1].

«Айдос бий» дәстанына қарағанда «Шежире»де шайырдың Айдостың тарийхына болған унамсыз көзқарасы анық. Ол да болса Айдостың журтқа аға болғанлығын, оның киси асып дар қурған деспотизмин анықлаўға Бердақтың анық пикири болып есапланады. Тийкарғы Айдос бийге арналған шығармада да, тарийхый дереклерде де Айдос бийдиң дар қурып, адам асып өлтиргенлиги жөнинде ҳеш қандай мағлыўмат жоқ. Бул нәрсе биринши рет Бердақ шайыр тәрепинен тилге алынады. Бирақ Бердақ Айдостың басшылы-ғындағы қарақалпақлардың Хийўа ханларына қарсы көтерилиси жөнинде «Шежиреде» ҳеш қандай мағлыўмат бермеген.

Қарақалпақлар тарийхта Айдос бий Хийўа ханлығына Жаңадәрья қарақалпақларын көширип әкелиўге, олардың үстине исленген атланысларға актив қатнасып, Хийўа ханларына қалыс хызмет еткен. Хийўа тарийхшысы Мунистиң шығармасында Жаңадәрья қарақалпақларына болған шабылыўда Айдостың актив қатнасқанлығы, оның хан тәрепинде турғанлығы айтылған». Сондай-ақ, «Айдос Хийўа қол астына өткени ушын «бий» (мансаб) атағын алған, буннан кейин ол Мухаммед әмин инақтың қоллап-қуўатлаўы нәтийжесинде пүткил қарақалпақ халқының (улысының) ҳәм әсиресе, Қоңырат урыўының ҳәкими болды» [2]. Тарийхый жылнамалар Айдостың хан тәрепинен усындай иззет-ҳүрметке сазаўар болғанлығы туўралы хабар береди. Ал, Бердақ хан ҳәм Айдос қарым-қатнасын төмендегише тәрийиплейди:

-Кел, баба, шығыңыз төрге,
Ҳақ яратқан нәзеркәрде,
Теңгени бөлдик төрт жерге,
Бирин алың, Айдос баба.
-Сен билмейсең мениң жайым,
Оның менен тең қудайым,
Керек емес бос абайың,
Тек тур-деди Айдос баба.
Шерик қылмай бир бендени,
Хийўада ханнан езгени,
қосып жиберип теңгени,
Тең айырды Айдос баба.
Келгенде хан өрре турды,
Ханға қарсы жуўап урды,
Бир неше жыл дәўран сүрди,
Бул ҳал менен Айдос баба

Қарақалпақлар тарийхы бойынша жазылған мийнетлердеги мағлыўматларда Айдостың бир неше жылға шекем қарақалпақлар арасында Хийўа ханларының сиясатын жүргизиўши адам болғанлығын тастыйықлайды. Әсиресе, Мухаммед Рахимханның тусында Айдос бий ҳәр қыйлы артықмашылықлардан, соның ишинде ханның қазнасы ушын қарақалпақлардан салық жыйнаў ҳәм жыйналған ҳәрежеттиң ярымын өз пайдасына қалдырыў, яғный басқа бийлердиң алғанынан еки есе көп алып қалыў ҳуқықынан пайдаланды. Бирақ, Мухаммед Рахимхан еслегеннен кейин бундай ҳуқықлары шекленген. Бердақтың шығармасындағы мына сөзлердиң айтылыўы тарийхый шынлыққа сәйкес келеди:

Баба, бунша қатты қашпа,
Сум нәпсиниң аўзын ашпа,
Хызметкер көп сеннен басқа,
Қанаат қыл Айдос баба.

Мине, солай етип Айдостың ярым хан болыў тилеги орынланбады. Ол Аллақулыхан дәўиринде барлық жеңилликлеринен айырылды. «Усыннан кейин ханнан зейни қайтқан Айдос елде басланған көтерилистен пайдаланып, көтерилисшилер менен бирге Қоханға кетиўге ҳәм Қохан ханының жәрдеми менен өзиниң бурынғы артықмашылықларына қайтадан ерисиўге қарар етеди». Бердақ бул ўақыяны төмендегише тәрийиплейди.

Еки араға түсти гийне,
Ханның инамы бир ийне,
…Ханға болмады пухара,
Қарсы болды бара-бара.

Айдос бийдиң көтерилиске қосылыў себеби Бердақтың «Айдос бий» шығармасында бираз өзгеше. Бул шығармада айтылыўына қарағанда бурынлары Айдос бий қарақалпақ халқынан өндирилетуғын салық пулдың тең ярымын бөлип алады екен. Соңынан Хийўа ханы Айдосқа пулдың төрттен бирин ғана беретуғын болған. Буған Айдос қатты наразы болып қарсы шығады. Сөйтип хан менен еки арада душпанлық күшейеди.

«Айдос бий» поэмасында сүўретленген ўақыялардың гейпаралары тарийхый ҳүжжетлердеги мағлыўматларға сәйкес келмейди.

Дәстанның баянлаўы бойынша Айдос бий қарақалпақ халқына өзиниң ҳүкимин жүргизип, «Майлы шеңгелдиң» бержағына бийлик етеди. Айдостың Бегис, Мыржық деген еки батыр инилери болады. Олар Хийўа ханына бағынбай, қарсы болып жүреди. Айдос сол батыр инилерине арқа сүйеп, ханға бағынбай кетеди. Хан Бегис пенен Мыржықты қалай қылып өлтириўдиң жолын ойлайды. Ашық төрде өлтириўге батына алмай, Айдос бийди алдап, оған хат жазады. Хан Айдос бийге: «Егер еки иниңди өлтирсең, сени баламнан да жақсы көремен, тахтыма отырғызып, үлкен ҳәмел беремен, хан менен тең боласаң, кәлесең өзиме ўәзир қыламан»,-деп ҳийлекерлик етип хат жазады. Айдос бий буған инанып, еки инисин өлтирип, екеўиниң геллесин кесип, қоржынға салып Хийўаға барады. Айдос бий еки инисин өлтирип, Хийўаға барғанда Айдостың өзин өлтирмекши болады. Дослары Айдосқа ханның оны өлтирмекши екенин билдиреди. Айдос түнде Хийўадан қашады. Елге келип бийлерин жыйнап, аўызбиршиликли болыўға ант ишеди. Ханға қарсы урыспақшы болады. Бирақ, бийлер хан әскерлериниң қарасын көргеннен-ақ туўды жығып, Хийўа ханының тәрепине өтеди. Айдос Түркистанға қашады. Ширик Рабатта Хийўа әскерлери изинен жетип Айдосты өлтиреди.

«Айдос бий» поэмасында сүўретленген ўақыялар халық арасында кең таралған әңгимелердеги «Айдос бий ҳәмелге қызып, еки инисин өлтирген екен» деген гүрриңлер менен үнлеседи. Айдос бийди халықтың мәпине қыянет еткен, өз жеке басының мәртебеси ушын ҳәмелге қызыққан адам образы сыпатында сүўретлейди:

Душпанына болысқан,-
Жигитлердиң жоллыдан,
Қәтери жақсы болады?
Адамның ақмақ жаманы,
Ақылсыз туўған наданы,
Дүнья ушын қызығып,
Өзин-өзи қорлайды.

Мине бул шайырдың Айдос бий ҳәрекетлерине болған көзқарасы, баҳасы еди.

Айдостың образы шайыр көзқарасында унамсыз болып қалмастан, оны «батыр туўған Айдос бий» деп көтермелейди. Айдосты наданлығы, хан сөзине ергенлиги, исенгенлиги ушын айыплайды. Дәстандағы Айдостың еки инисин өлтиргени дослары Ережеп ҳәм Мәдрейим тилинен қараланады.

Еки иниң-айбатың,
Жаўға шапсаң ғайратың,
Алдыңда турса инилериң,
Хан болмағаныңда өлдиң бе?
Еки иниң турғанда,
Биреўи жүрсе артыңда,
Биреўи жүрсе алдыңда,
Алдыңдағы айбатың,
Кейниңдеги ғайратың,
Екеўинен де айырылып,
Қара басың қалдың ба?

Шайыр Айдостың ишки кеширмелерин, кеўил кейпин оның ҳәрекетлери, сыртқы ҳалатындағы өзгерислерди сүўретлеў арқалы береди. Мысалы еки инисин өлтирип, кейнинен ишлей қыйналып, өз исине өзи пушайман болған Айдостың ҳалаты төмендегише сүўретленеди:

Ақылсыз туўған Айдос бий,
Еки ердиң геллесин,
Бир қоржынға салады,
Беккем етип қоржынды,
Бөктириўге тақады.
Қанлы жасы көзиниң,
Сорғалап ағып ериксиз,
Қара жерге тамады.
Шайтан жайлап ишимди,
Айырылдым,-деп инимнен,
Айдос естен танады,
…Ерлери түсип есине,
Көктас жутқан адамдай,
Иши жанып барады.
Жез қанаттан қайырылып,
Туяғынан майырылып,
Инилери түсип ядына,
Өксип-өксип жылады [3].

Изертлеўши И.Сағитов дәстандағы сүўретленген ўақыяларды бес бөлимге бөледи: «биринши бөлим-Айдостың ханнан келген хатқа исенип, еки инисин өлтириўи ҳәм Хийўаға барыўы, екинши бөлими-Айдостың Хийўадан қайтып келип, хан әскерлери менен урысыўы ҳәм өлиўи, бесинши бөлим-Ырза менен Төрениң қырық жигитке бас болып, Хийўа әскерлери менен урысыўы ҳәм набыт болыўы» [4].

Солай етип, Бердақ бул шығармасында қарақалпақ халқының тарийхында болған Айдос бий ҳәм оның еки иниси туўралы трагедиялы ўақыяны сүўретлеўи арқалы қарақалпақлардың 1827-жылғы көтерилисиниң себеплери ҳәм оның ақыбетлери ҳаққында бир қанша мағлыўмат береди.

**Әдебиятлар**

1. Тилеўмуратов М. Қарақалпақ поэзиясы-тарийхый дерек. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1994.
2. Камалов С.К. Қарақалпақстан АССР тарийхы. Әййемги заманнан баслап бизиң күнлеримизге дейин. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1989.
3. Бердақ. Таңламалы шығармаларының жыйнағы. -Нөкис: ҚҚМБ, 1950.
4. Сағыйтов И. Саҳра бүлбүли. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1974.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада Бердақ шоирнинг «Айдос баба» достонидаги тарихий ҳақиқатнинг бадиий акс эттирилиши, тарихий образни ёритишда муаллифнинг ижодий изланишлари масалари тадқиқ этилади. Бердақнинг тарихий мавзуни ёритишда индивидуал ўзига хослиги очиб берилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье анализируются проблемы трансформации исторической правды в художественную правду в эпосе «Айдос бий» великого каракалпакского поэта Бердаха и творческие изыскания автора в создании образов исторических фигур. Автор также показывает оригинальное мастерство Бердаха в изображении исторической темы.

**SUMMARY**

The article analyzes the problems of transformation of historical truth into artistic truth in Berdakh's epos "Aidos Biy"and the process of creative search of the author in creating the images of historical figures. It also reveals Berdakh's unique original skill in depicting the historical theme.

# ҚАЗАҚ-ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ МЕНЕН ӘДЕБИЯТЫ БАЙЛАНЫСЛАРЫНЫҢ АЙЫРЫМ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**Т.Төрткүлбаева** - *излениўши*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** Қорақалпоқ ҳудуди, қозоқ оқин-жировлари мероси, устоз-шогирдлик анъанаси, анъанаси ва ворийсийлик, миллий этно-фольклор, адабий муҳит, таъсир ва ўзаро адабий фольклор алоқалари, қорақалпоқ ҳудуди, қорақалпоқ-қозоқ жиров-шоирлар меросида жанрлар, шакллар ва ижрочилик.

**Ключевые слова:** регион Каракалпакстана, наследие казахских поэтов-сказителей, традиция и приемственность, национальная этнофольклорная, литературная среда, влияние и литературно-фольклорная взаимосвязь, жанры, формы в наследии каракалпакского региона, исполнительная деятельность.

**Key words:** region of Karakalpakstan, heritage of Kazakh poets bards, traditions of tutorship, national ethno-folklore literary environment, influence and literary-folklore relationship, genres, forms in the heritage of Karakalpak region executive.

Фольклортаныўшылар менен әдебияттаныўшылар арасында көптен берли өмир сүрип киятырған «Әдебиятлар дослығы-халықлар дослығы» деген уран-тезис көзқарасы бойынша бул мәселеге нәзер аўдаратуғын болсақ, қазақ-қарақалпақ әдебий-фольклорлық байланысларының тамырлары жүдә ерте дәўирлерге барып ушласатуғынлығын көремиз. Себеби, қазақ-қарақалпақ халқы да өзлериниң этногенетикалық шығысы бойынша ең әййемги түркий халықлар сыпатында руўлық, қәўимлик бир турмыс тәризинде аўылы аралас, қойы қоралас болып ағайын-туўысқанлықта жасағанлығы хеш кимге сыр емес.

XVIII-XIX әсирлер менен XX әсирдиң басларында болса бул әдебий байланыслар Бердақтың «Қазақша қосығын айтып Айдостың бир сыйырын алып қайтқан бабаңман» деп жазғанындай, жыраўлар менен жыршылар, ақынлар менен шайырлар байланысы формасында ҳақыйқый анық бир арналық жолға түсти. Буның айқын мысаллары сыпатында Күнхожа менен Күдериниң, Күнқожа менен Улбийкениң, Күнхожа менен Шернияздың, Әжинияз бенен Қыз Меңештиң, Әжинияз бенен Ырысты қыздың, Алтын менен Сейдәлиниң, Дәме менен Мансурдың, Тыным менен Қулымның, Қулымбет пенен Әбиўбәкирлердиң әдебий дослық байланысларын келтириўге болады [7:48]. Бул ақын-шайырлар бетпе-бет ушырасып, пикир алысып, дослық-туўысқанлық байланыслар жасаў менен бирге, өз-ара ақынлық-шайырлық айтысларға да түсип отырған. Мысалы, «Шернияз ақын менен қарақалпақ шайыры Күнхожа күтә татыў дос болған. Күнхожа Қызыл Ордаға, Шернияз ақынның мәканы Ақтөбеге жийи-жийи барып турған. Усы сапарларында олар өзлериниң шайырлық өнерлерин де жарыстырған. Бир мерекеде екеўи бас қосады. Шернияздың Күнхожадан жасы киши екен. Күнхожа Шернияздан той шашыўын сорайды. Сонда Шернияз:

Тон әпердим сырлыдан,
Шапан жаптым пуллыдан,
Есигиңе байладым
Еки телпек, бир ғунан,- деген екен» [7:48].

С.Тойшыбаеваның бул пикириниң дурыслығын қарақалпақ-қазақ ақынлар-шайырлар айтысларының изертлеушиси профессор К.Алламбергенов Күнхожа шығармаларының мысалында былайынша дәлиллейди: «Ал, шайырдың Күнхожаның шығармалар жыйнағында болса бул айтыстың болғанлығын тастыйықлап турыўшы Күнхожаның Шерниязға айтқан төмендегидей сөз басы айтыс қосығы бар»: [3:73].

Усы жерде қызбағаным
Сақалымның ақлығы,
Жыйырма бестиң жоқлығы.
Ҳасылын өзиң алған соң,
Кимге дәркар болыпты Шернияздың батыллығы» [7:73].

Бул пикирлердиң дурыслығын Күнхожа дөретиўшилигин арнаўлы изертлеўши Б.Исмайловтың мийнетлеринен де көриўге болады. Оның пикиринше, бул қазақ шайырлары да (Шернияз, Күдери, Улбийкелер) Күнхожа менен заманлас шайырлар болып, өзлериниң жасаған жыллары ҳәм жерлери бойынша да оның менен ушырасыў мүмкиншилигине толық ийе болған [9:82].

Усындай үзликсиз арналық жол болып киятырған қазақ-қарақалпақ әдебий-фольклорлық байланыслары XX әсирдиң 30-жылларынан баслап ҳәзирги «әдебий байланыслар» мәнисинде рәсмий түс алып, белгили бир системаға түсе баслады. Ал, бүгинги Ғарезсизлик дәўиринде болса бул байланыслар басқышпа-басқыш мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилиў дәўирин бастан кеширип атыр. Буның айқын мысалын ҳәзирги өзбек-қарақалпақ-қазақ-түркмен әдебияттаныў илиминдеги К.Мәмбетов, К.Қурамбаев, Б.Қурбанбаев, К.Алламбергенов, Қ.Жумажанов, С.Тойшыбаева, Г.Есиркепова, П.Алламбергенова, Г.Қурамбаевалардың ҳәр